# KISHI MEKTEP JASINDAǴI BALALLARDIǸ JAŃA ORTALIQQA BIYIMLESIWI HÁM EMOTSINAL ÒZGESHELIKLERI

**Mamutova Azima Sarsenbaevna**
Qaraqalpaqstan Respubilkası SHımbay rayonı 49-mektep ámelıyatshı psıxologı

**Annostatsiya:** Bul maqalada kishı mektep jasındaǵı balalardıǹ emotsinal òzgeshelıklerı hám jána ortalıqqa máslasıwları sòz etiledı, mektepke qádem qoyıp atırǵan balalardıǹ psixik òzgeshelikleri jána ortalıqtǹ shaxslar ara múnsábetlerı kòrıledı.

**Tayanısh sòzler:** 6-7-jas balalar, emotsinal òzgeshelikleri, aqılıy tayarǵanlıǵı, fizikalıq hám psixologiyalıq tayarlıǵı.

Kıshı mektep jas oqıwshılardıǹ sezimlerı, òzlerınıǹ sanasınıǹ rawajlanǵanlıǵı menen ajıralıp turadı hám mektepke shekemgı jas balalardan parqiqlanadı. Kıshı mektep jasındaǵı oqıwshılardıǹ emotsinal jaǵdayında kewıllı keypiyat ústınlık qıladı. Sabaq waqıtlarında oyınlarda quwnaq hám tetik boladı. Bunday jaǵday kıshı mektep jası balaları ushin noraml jaǵday esaplanadı.

Kishı mektep jası basqa jas aralıǵıǹan isenıwsheǹlıgı menen de ajıralıp turadı. Ayrım waqıtları balalar ata-anasınan kòre ustazınıǹ aytaqanın orınlaydı.

Jaǹa ortalıqta doslıq sezımı de qálıplesedı, bir-birin tiǹlaw siyaqlı sezimler de rawajlanıp baradı. 6-7-jasar mektepke tayar balada "Men sonı qáleymen", mativınen "Men sonı islegım keledı" mativı ústınlık qıladı. Mektepke kelgen hár bir balada psixik zorıǵıw kúsheyedı bul bolsa balada fizikalıq jaqtan hám is-háreketlerınde málım dárejede òzgerısler júz beredı.

Kıshı mektep jasındaǵı balallardıǹ emotsinal jaǵdayında tálim hám tárbiyanıǹ tásırı astında keǹeyıp baradı. Mektepke shekemgı balalardan òzgeshelıgı kıshı mektep dáwırınde tabaqalanıw juzege keledı. Bul jasda joqarı sezimlerı hámme

túrlerı rawajlanıwı baslaydı. Kıshı mektep jasındaǵı oqıwshılardıǹ sezimlerı olardıǹ xizmetinde kòrıne baslaydı hám rawajlanıp baradı. Bul jasda olar òzlerınıǹ hár bir háreketıne baha bere aladı. Baha olarǵa kewıl tolıw hám kewılı tolmaslıq sezımın payda etedı hám bul sezimler balanı jaqsı oqıwǵa úndeydı. Ayrım waqtları pás baha alıw arqalı unamsiz sezimler shuqırlasıp baradı. Adamnıǹ aqiliy xizmetı menen baylanıslı sezımler intellektual sezımler dep ataladı. Biliwde qızıǵıw, hayran qalıw, qáweterlenıw, isenim, isenimsizlik hám gumanlanıw sezımlerı intellektual sezımlerge kiredı.

Kıshı mektep jasındaǵı oqıwshılardıǹ intelektual sezimlerı biliw protseslerınde rawajlanadı. Oqiw protsesinde balallar ulken kòlemdegı bilimler menen olar balalarda qáweterlenıw, quwanıw, qiziǵıwshılıq, urisqaqlıq siyaqlı szimlerdıǹ payda bolıwına tiykar boladı. Oqıw dáwirınde balalar jası ulkeyıp barǵan sayin, aqılana urısqaqlıq sezımı rawajlanadı. Biliwge qiziǵiw mektepge shekemgı jas dáwirine tán ozgeshelikdir.

Hayran qálıw sezımı. Kıshı mektep jasındaǵı oqıwshılarda hayran qalıw sezımı kúshlı bolip, túsinik berıp atırǵan jaǹa materialdı, qandaydır túsınıksiz nárselerdıǹ sebebin biliwde bunday jaǵdayda hayran qalıw sezımı payda boladı.

Gumanlanıw sezımı kıshı mektep jasında tolıq rawajlanbaǵan bolıp, bul sezım aste-aqırinlq penen oqıw dawamında balalnıǹ òzı shıǵarǵan nizmları menen bir-birıne tuwrı kelmegende payda bolatúgın sezım bolıp tabıladı. Bul sezımde bala toplaǵan dálillerdı òzinikı menen salıstırıp kòre baslaydı. Bul sezimler bala qiyinshılıqların jeǹıp, òz úsınde málim nátiyjelerge erisiwde áhimiyetlı bolıp tabıladı. Kıshı mektep jasında bala oqıwdı hám jazıwdı bilip alǵanda, òzı misal hám máselelerdı sheshıwdı úyrenıp alǵanda ulken quwanısh sezımın sezinedı. Oqıwshılarda òz miynetinen quwanıw sezımı ilajı barinsha kòplew juzege keldırıw hám bunı bala xarakterınıǹ emotsinal jaǵdayına aylandırıw baslawısh klass oqıwshılarınıǹ tiykarǵı wazıypalarınıǹ birı bolıp tabıladı. Baslawısh klass oqıwshıları ne bolǵanına, qay jerde?, qashan? qalay bolǵanına qiziǵadı sonday-aq

"Ne ushın bunday boldı?" degen sorawǵa sol waqiya menen baylanıslı faktorlarǵa qızıqsınadı.

Kıshı mektep oqıwshısı daskaǵa shaqırılǵanda ol oqıp berıwge yakı jazip berıwge qorqıp, uyalip qalsa bunday jaǵdayda oqıwshılardı tez-tez doskaǵa shıǵara berıw kerek hám balada bul jaǵdayda balanıǹ qorqıw sezımı joq bolıp barıwına hám bunda balanıǹ qorqıwınıǹ "putkul sonip barıw" yákı joq bolıp ketıwıne mumkınshılik boladı. Bunday jaǵdaylardıǹ takıralana berıwı emes, bálkım adam òzınıǹ unamsiz sezimlerınen qutılıwda túrtkı boladı. Ayrım emotsional keshırmelerdıǹ "sonip qaliw"in da basqa nizamliqlarda bar. Misalı bala jiǵıladı hám jilap turiptı. Anası sol waqıt kelıp oǹı erkeletdı. Bul erkeletıw oǵan unamlı sezımdı payda etdı, balada jilaw ornına quwanısh sezımı payda boldı. Kıshı mektep jasındaǵı balalardıǹ intellektual hám aqılıy sezimler, doslıq múnásiybetler úlken rol oynaydı. Watan sezımı , hujdan sezımı sıyaqlı sezımler payda boladı hám rawajlanadı. Ádep-ikramlıq sezımlerdıǹ rawajlanıwında jáámátlık jumıslar, oqıw mazmunı hám oqıtıwshı tásır kòrsetedı.

Oqıw barısında tiykarınan oqıtıwshı kıshı mektep jasındaǵı oqıwshınıǹ kòp aqılıy jaqtan rawajlanıwın belgılep beredı. Bala menen oqıtıwshı ortasında òz-ara jaqın múnásibet boladı. Ayrım balalar oqıtıwshı aytqanın sòzsiz orınlaydı. Sol arqalı balada jámiyetlesıw payda boladı. Oqıtıwshınıǹ tásırı ástında bala áste-aqırın oqıw miynet hám oyın xızmetı qálıplesedı. Balalarda sonday-aq dostana múnasibet de qáliplesip baradı. Ayrım balalar oqıwda pás òzlestırıwshı doslarına járdem berıwge hareket qıladı. Estetik sezımler balalardıǹ qabıl etıwı menen baylanıslı bolıp, balalar ustazı oqıp atırǵan qosıqtıǹ mazmunına hám gozzalıǵın da sezedı.

Balalalar ertek qaharmanları, kino qaharmanları arqalı da ádep-ikramlıq jaqtdan baha beredı. Qaharmanlardıǹ emostinal halatların bir-birinen ayira berıp baha bere aladı. Kıshı mektep jasındaǵı balalar tez shalǵıydı hám, uzaq waqıt dıqqatın bir nársege qarata almaydı, tásırsheǹ hám emotsinal boladı. Jaǹa ortalıq jána doslar balanı málım waqıtqa diyin iykemlesıwıne qiyinshılıq tuwdıradı.

Juwamaqlap aytqanda kıshı mektep jasındaǵı oqıwshılar jaǹa oratlıqqa biyımlesıwı, olardıǹ hár bir balanıǹ òzınıǹ jeke òzgeshelıgıne baylanıslı bolıp, ayrım balalar baqshaǵa barmaǵan bolıwı mumkın. Bunday jaǵdayda olar baqsha barǵan balalarǵa qaraǵanda olarda qiyiniraq keshedı. Bunday balalar menen olardıǹ jaǹa ortalıqa biyimlesıwıne oqıtıwshı qosımsha dògereklerge tartıw, mektep bayram keshelerıne tarsa maqul boladı. Jaǹa oqıwǵa qabıl etılgen balalarda tiykarǵı xizmetı oqıwdan kòre oyın olardı kòplew qiziqtiradı. Hár bala òz aldına bir dunya bolǵanı ushın oqıtıwshı hár bir balaǵa jeke òzgesheliklerıne qaray jantasqan maqul boladı. Sonda ǵana balada biyimlesıw jaqsı tárepke qaray òzgeredı.

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI:**

1. SH.Dòstmuhamadova, X.A.Tillashayxova, G.Baykunusova, G.Ziyavitdinova "Yosh davrlari ba pedagogik psixologiya" 2020-T
2. Davletshin M.G "Zamonaviy maktab òqituvshisi psixologiyası" -Tashkent, 1998.
3. Ǵoziev E.G. "Psixologiya" . Tashkent, 1998.